दिन–रवि दिनांक–21.07.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार सभ दल सँ काल्हि सँ आरम्भ भऽ रहल संसदक बजट सत्रक सुचारू संचालन मे सहयोगक अपील कयलक अछि। बजट सत्र के लऽकऽ आइ नव दिल्ली मे सर्वदलीय बैसक आयोजित कयल गेल। एहि दरमियान सरकार सभ राजनीतिक दल सँ सहयोगक अपेक्षा कयलक अछि। बैसक मे केन्द्रीय मंत्री राजनाथ सिंह, किरेन रिजिजू, अर्जुनराम मेघवाल, जगत प्रकाश नड्डा, चिराग पासवान, रामदास अठावले, कांग्रेस नेता जयराम नरेश आ गौरव गोगोई सहित विपक्षक कतेको नेता सम्मिलित भेलाह। वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन तेईस जुलाई मंगल दिन वित्तीय वर्ष दू हजार चौबीस–पच्चीसक आम बजट लोकसभा मे प्रस्तुत करतीह।

---

जदयू संसद सत्र सँ पहिने आयोजित सर्वदलीय बैसक मे बिहारक विशेष दर्जाक मांग एक बेर फेर सँ उठौलक अछि। पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा बैसकक बाद पत्रकार सभ सँ गपशप करैत कहलनि जे विशेष दर्जाक मांग पार्टीक पुरान मांग रहल अछि। श्री झा जनौलनि जे पार्टीक दिस सँ ओ राज्य मे प्रत्येक वर्ष बाढ़ि सँ होबयवला नोकसानक मुद्दा सेहो उठौलनि अछि।

---

बिहार विधानमंडलक मॉनसून सत्र काल्हि सँ आरम्भ भऽ रहल अछि। सत्र छब्बीस जुलाई धरि चलत। एहि दरमियान दुनू सदनक पाँच–पाँच बैसक होयत। सत्रक पहिल दिन राज्यपाल के दिस सँ स्वीकृत अध्यादेशक प्रति के सदनक पटल पर रखबाक संगहि दू हजार चौबीस–पच्चीसक पहिल अनुपूरक बजट सरकार प्रस्तुत करत। सत्रक दरमियान विधि व्यवस्थाक लेल त्रिस्तरीय सुरक्षा व्यवस्था बनाओल गेल अछि। जिलाधिकारी डॉक्टर चन्द्रशेखर सिंह जनौलनि जे सीसीटीवी कैमरा सँ निगरानी कयल जायत। ओ कहलनि जे सचिवालय,

विधानसभा आ विधान परिषद क्षेत्र मे बिना प्रवेश पत्रक कोनो व्यक्ति या वाहन के प्रवेश नहि देल जायत।

———————————————————————

गुरू पूर्णिमाक पावनि आइ हर्षोल्लासक संग मनाओल गेल अछि। एहि के व्यास पूर्णिमा सेहो कहल जाईत अछि। एहि अवसर पर लोक अपन ओहि गुरू के स्मरण करैत छथि। जिनकर मार्गदर्शन आ आशीर्वाद हुनक जीवन के दिशा देलक अछि। गुरू पूर्णिमाक अवसर पर पटना सहित प्रदेशभरि मे सेहो कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल । एहि अवसर पर दरभंगा जिलाक कतेको मंदिर आ गुरू निवास धरि भोरहि सऽ भीड़ लागल रहल। शिष्यगण अपन–अपन गुरू लोकनिक घर जाकऽ हुनक अर्चना कएलनि। जिलाक बथई घाट स्थित प्रतीक वृंदावन, बघौल स्थान, धेरूख स्थान, पचाढ़ी स्थान, बेनीपुर सहित कतेको स्थान पर विशेष पूजा–अर्चना कएल गेल।

———————————————————————

साओनक पवित्र मास काल्हि सँ आरम्भ भऽ रहल अछि। एकर संगहि विश्व प्रसिद्ध झारखंडक देवघर मे स्थित वैद्यनाथ धाम आ मुजफ्फरपुर जिला मे स्थित गरीबनाथ मे श्रद्धालु पहिल जलाभिषेक करब आरम्भ करताह। मेला उन्नैस अगस्त धरि चलत। प्रदेशक विभिन्न भाग सँ कमरथुआ भागलपुरक सुलतानगंज सँ गंगाजल लऽकऽ भगवान शिव के जलाभिषेक करबाक लेल वैद्यनाथ धाम जा रहलाह अछि। ओतहि, बाबा गरीबनाथ मंदिर मे भगवान शिव के जलाभिषेक करबाक लेल श्रद्धालु आ कमरथुआ लोकनिक भारी भीड़ देखल जा रहल अछि। स्थानीय प्रशासन कमरथुआ सभक सुविधाक लेल ठाम–ठाम शेड लगौलक अछि। कमरथुआ पथ पर पेयजल आ शौचालयक व्यवस्था सेहो कयल गेल अछि। संगहि, स्वास्थ्य शिविर सेहो लगाओल गेल अछि। श्रावणी मेला के देखैत सुरक्षाक कड़गर इंतजाम कयल गेल अछि।

———————————————————————

प्रदेशक कतेको स्थान पर आई हल्का वर्षा भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान सभ सँ बेसी एगारह दशमलव चारि मिलीमीटर वर्षा भागलपुरक कहलगांव मे दर्ज कयल गेल। प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम मॉनसूनक

गतिविधि कमजोर पड़ि गेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे काल्हि धरि अधिकतर भाग मे मौसम शुष्क बनल रहत। एकर बाद मॉनसूनक फेर सँ सक्रिय हेबाक परिस्थिति बनि रहल

———————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग प्रदेशभरिक विभिन्न केन्द्र पर तेसर चरणक शिक्षक भर्ती परीक्षाक आयोजन कऽ रहल अछि। आइ परीक्षाक तेसर दिन प्रदेशक कतेको केन्द्र पर अनियमितताक शिकायत भेटल। बेगूसरायक विष्णुपुर आ बथौली स्थित परीक्षा केन्द्र पर फर्जीवाड़ा करैत तीन लोक के गिरफ्तार कयल गेल। एहि मे एक फर्जी शिक्षक सेहो छथि।

———————————————————————

रेलवे समस्तीपुर स्टेशन पर दरभंगा नव दिल्ली सम्पर्क क्रांति एक्सप्रेस ट्रेनक एक बोगी मे धमाकाक खबरि के खंडन कयलक अछि। समस्तीपुर मंडलक रेल प्रबंधनक विनय श्रीवास्तव आकाशवाणी सँ गपशप मे स्पष्ट कयलनि जे एहि ट्रेनक सामान्य श्रेणीक डिब्बा मे एक यात्री अग्निरोधक यंत्र पर बैसि गेल जाही कारणे यंत्रक ड्राई केमिकल डिब्बा मे पसरि गेल। ओ जनौलनि जे धमाका के खबरि आधारहीन अछि।

———————————————————————

दरभंगाक पुलिस अधीक्षक जगुनाथ रेड्डी जला रेड्डी पाई लऽकऽ वारंटी अपराधी के छोड़बाक आरोप मे डायल एक सय बारह सँ जुड़ल एक एएसआई आ एक महिला सिपाही सहित तीन पुलिसकर्मी के निलंबित कऽ देलनि अछि।

———————————————————————

समाप्त